

Otorizasyon Espesifik pou Medikaman Sikotwòpik

Diskisyon sou medikaman sikotwòpik dwe fèt nan kontèks istwa medikal malad la epi rejim medikaman malad la koulye a.

Mwenmen, ki siyen anba a, yon malad, gadyen, avoka gadyen, oswa moun/mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas mwen prezantman otorize pèsònèl pwofesyonèl etablisman sa a pou bay tretman ki site anba a, limite a medikaman lasante mantal:

Mwen resevwa enfòmasyon detaye sou:

1. medikaman ansanm ak dòz yo konte banmwen epi lè pou m pran yo;
2. bi tretman mwen an;
3. efè segondè komen a kout epi a lon tèm medikaman yo konte banmwen an, ikonpri kont endikasyon ansanm ak entèraksyon klinik ak lòt medikaman ki enpòtan;
4. medikaman altènatif;
5. vale tan swen an ap dire apeprè

Mwen konprann tou ke yon chanjman nan dozaj medikaman ki site anwo a oswa ki nan yon lòt fèy ki kole ak fèy sa a pral nesite konsantman eklere mwen toutswit.

Mwen konprann ke yo ka revoke konsantman mwen oralman oswa pa ekri anvan, oswa pandan peryòd tretman an.

Enfòmasyon ke m te apiye sou li a pou m te ka pran desizyon pou m konsanti pou tretman an, ikonpri revelasyon sou chak nan sijè ki mansyone anwo a, kole avèk otorizasyon sa a epi mwen siyen li. Mwen te li epi yo te byen eksplike m enfòmasyon sa a epi mwen te genyen opòtinite pou m poze keksyon epi resevwa repons sou tretman an.

_____ am pm
Siyati malad la Dat (mwa/jou/lane) Lè

_____ am pm
Siyati Temwen pou malad la Dat (mwa/jou/lane) Lè

_____ am pm
Siyati: (tcheke youn lè sa aplikab) Dat (mwa/jou/lane) Lè
 Gadyen * Avoka Gadyen *
 Moun ki ka pran desizyon medikal nan plas mwen * Mandatè swen medikal *

_____ am pm
Siyati Temwen pou Moun Ranplasan ki ap pran desizyon Dat (mwa/jou/lane) Lè

*** Yo dwe toujou mande malad la pou li siyen fòm otorizasyon an. Sepandan, si malad la se yon timoun, yon moun ki envalid, oswa yon moun ki enkonpetan pou konsanti pou tretman, li nesèsè pou genyen konsantman gadyen li, avoka gadyen li, oswa moun/mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas li. Òdonans tribinal, lèt titèl, owa enstriksyon alavans dwe rete nan dosye klinik lan si yon moun ot ke malad la siyen konsantman pou tretman an. Gadyen an, avoka gadyen an, oswa moun/mandatè ki ka pran desizyon nan plas malad la dwe dakò pou kenbe etablisman an okouran de ki kote moun lan ye pandan peryòd ospitalizasyon an. Etablisman yo ka prepare pwòp fòm pa yo oswa fòm yo vann tou prepare, men nan toulède ka yo, fòm lan dwe genyen ladan l tout eleman ke lalwa egzije.**

